bu kenn ci yenn di lekk na lekke loxo ndeyjooram, buy naan na naane loxo ndeyjooram, ndax Saytaane loxob càmmooñam lay lekke, loxob càmmoñam lay naane

Jële na ñu ci Ibn Umar -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «bu kenn ci yenn di lekk na lekke loxo ndeyjooram, buy naan na naane loxo ndeyjooram, ndax Saytaane loxob càmmooñam lay lekke, loxob càmmoñam lay naane».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day digal jullit bi muy lekke ak a naane ab ndeyjooram, di , di ko tere it muy lekke ak naane ab càmmoñam ;ndaxte Saytaane càmmooñam lay lekke di ko naane.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/58122